

La Bib pou ti moun prézanté



Fanm nan bò pi a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Jezi ak disip li yo t ap travèse Samari. Yo te rive
nan yon vil ki te rele "Sychar".




Te genyen yon pi la, kote moun Sychar yo te konn pran dlo pou yo bwè. Jakòb, papa Izrayelit yo, te fouye pi sa a sa genyen lontan.




3

Nan kòmansman apremidi a, li dwe te fè cho, epi Jezi te chita bò pi a pandan disip li yo t ale Sychar pou y al achte manje.



4

Jezi te poukont li — men pa pou lontan. Yon fanm ki te rete Sychar te vin pran dlo. "Ban m bwè ti dlo", Jezi te di li.




5

Fanm nan te sezi. "Kòman fè, ou menm ki se yon Juif, w ap mande yon Samaritèn pou li ba w bwè ti dlo ?" li mande l. Nan epòk sa a, Juif yo pa te genyen okenn relasyon ak Samariten yo !




6

Li te petèt pi sezi toujou lè Jezi te di l : "Si w te konnen kiyès mwen ye, ou ta mande m dlo ki bay lavi a."




7

Fanm nan di Jezi : "Senyè, ou pa gen anyen pou w rale dlo a, epi pi a fon ; Ki kote w ta kapab jwenn dlo ki bay lavi sa a menm ? Èske w pi gran pase Jakòb, papa nou, ki te ban nou pi sa a... ?"




8



"Nenpòt moun ki bwè nan dlo sa a ap swaf dlo ankò", Jezi di li. Men, sila ki bwè nan dlo mwen ap ba li a p ap janm swaf ankò. Dlo mwen ap ba li a ap tounen andedan li yon sous dlo k ap koule pou lavi etènèl." Fanm nan di li : "Senyè, ban mwen ti gout nan dlo sa a..."

9




Jezi te mande fanm nan pou l al rele mari li. "Mwen pa genyen mari", Li te reponn. "Ou te gen senk mari", Jezi di. "Epi sa w genyen kounye a se pa mari w."


10

Fanm nan te rekonèt Jezi se te yon pwofèt. Li t ap eseye fè l di li ki kote pou y al adore Bondye : Jerizalèm oswa sou mòn sakre Samariten yo. Jezi di li bonjan (vrè) adoratè yo adore Papa a nan lespri yo ak nan laverite.

"Mwen konnen Mesi a genyen pou li vini," fanm nan di Jezi. "Lè li vini, l apral di nou tout bagay." Jezi di li : "se Mwen menm, mwen menm k ap pale avèk ou a mwen se Mesi a." Nan moman sa a, disip yo te vin rive. Lè sa a, fanm nan te kite krich li a epi li te retounen nan vil la.



11



12



"Vini wè yon nonm ki te di mwen tout sa m fè," fanm nan te di mesye Sychar yo. "Eske se pa te Kris la ?" Mesye yo te soti nan vil la pou y al wè Jezi.


13

Pandan tan sa a, disip yo te di Jezi pou li manje. Men, li di yo : "Manje mwen se fè volonte moun ki te voye m nan, epi pou mwen fè travay li." Travay sa a se te pou li mennen moun yo bay Bondye.




14

Anpil
Samariten te
kwè nan li
poutèt pawòl
fanm nan. Yo
te mande Jezi
pou li te rete
avèk yo, epi li
te rete ak yo
pandan de jou.



15

Epi plis moun
te kwè akòz
predikasyon l
an, yo t ap di :
"...nou te
tande li nou
menm epi nou
konnen se li
menm ki Kris
la toutbonvre,
Sovè mond
lan."



16


Fanm nan bò pi a

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Jan 4

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130



47

60

18

Istwa bibli sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

19